




Haitian Creole Edition
Grade 8 Mathematics, Book 1
May 10 and 11, 2005

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk

Matematik

Liv 1



10 e 11 me, 2005



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2005 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

Egzanp A

Oditoryòm lekòl la te $\frac{7}{8}$ ranpli. Ki pousantaj oditoryòm lan te ranpli?


- A 7,8%
- B 37,5%
- C 62,5%
- D 87,5%

Egzanp B



Itilize règ ou pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Gen yon jaden ki gen fòm triyangilè tankou foto anba la. Jaden an bezwen klotire.



Dapre foto anlé a, ki kantite kloti nesèsè pou klotire tout jaden a?

- F 19,1 mè
- G 20,7 mè
- H 23,5 mè
- J 26,6 mè

1 Ki nonm ki manke nan desen anba la a?

2	6	18	54	?	486
---	---	----	----	---	-----

- A 72
- B 90
- C 108
- D 162

2 Ki valè a pou $2^3 + 2^4$?

- F 14
- G 24
- H 28
- J 128

3 Yon woulèt flèch divize an 6 seksyon egal nimewote depi 1 a 6. Si flèch la woule yon fwa, ki pwobabilite a pou li rete sou yon seksyon ki nimewote 4 oubyen 5?

- A $\frac{1}{6}$
- B $\frac{2}{6}$
- C $\frac{4}{6}$
- D $\frac{5}{6}$

4 Travis twa fwa pi gran pase Anne. Mary gen twa zan anlès pase Travis. Si Mary gen laj 39 an, ki laj Anne?

- F 12 zan
- G 13 zan
- H 14 zan
- J 16 zan

5 Kè moun bat an mwayèn 37.800.000 fwa nan yon ane. Ki valè x kap fè $3,78 \times 10^x$ gen menm valè ak 37.800.000?

- A -5
- B -7
- C 5
- D 7

6 Tina ap fè yon reprezantasyon echèl yon moniman ki 155 pye nan wotè. Li sèvi ak yon echèl ki 1 pou = 5 pye. Ki wotè pou Tina konstri modèl li a?

- F 5 pou
- G 8 pou
- H 13 pou
- J 31 pou

7 Nan episri an, Jerry depanse \$24,75 pou 3 liv poulè ak 3 liv fwomaj. Fwomaj la koute \$4,50 laliv. Ki pri liv poulè a?

- A** \$2,75
- B** \$3,75
- C** \$5,75
- D** \$6,75

8 Kat elèv ap li menm liv la. Tablo anba la montre pòsyon chak elèv li.

DOSYE LEKTI

Elèv	Pòsyon yo li
Frankie	$\frac{7}{10}$
Jacqueline	$\frac{2}{3}$
Pierre	$\frac{5}{8}$
Yolanda	$\frac{3}{4}$

Ki elèv ki li pi gwo pòsyon nan liv la?

- F** Frankie
- G** Jacqueline
- H** Pierre
- J** Yolanda

Kontinye

9 Ki inite mezi kap pi apwopriye pou mezire sifas yon paj nan yon journal?

- A milimèt kare
- B santimèt kare
- C mètr kare
- D kilomèt kare

10 Ki valè ekspresyon $7 + 5 \times (-3) - (6 - 2) \div 2$ a ?

- F -10
- G -16
- H -20
- J -38

11 Ki enfòmasyon ki *pa* nesèsè pou kalkile volim yon bwat ki gen fòm yon silenn?

- A valè pou π
- B wotè bwat la
- C pwa bwat la
- D reyon baz bwat la


12 Ki valè a pou n nan ekwasyon ki anba la a?

$$2n - 5 = 23$$

- F 9
- G 14
- H 26
- J 28

- 13** Sèk grafik ki anba la a montre estasyon radyo elèv yo nan lekòl Julie a pi renmen.

SONDAJ SOU ESTASYON RADYO



Pwofesè Julie mande li estime ki pousantaj elèv ki chwazi WXPR. Ki lès pi byen reprezante pousantaj elèv yo ki chwazi WXPR?


- A** 10%
- B** 25%
- C** 30%
- D** 45%

- 14** Lè elèv yon antre nan sal konsè a, yo bay chak dezyèm elèv nan liy la yon pòtkle. Yo bay chak twazyèm elèv nan liy la yon mayo. Ki elèv nan liy la te pwemye elèv la ki resevwa toude yon pòtkle ak yon mayo?

- F** 5yèm
- G** 6yèm
- H** 8yèm
- J** 9yèm

Kontinye

- 15** Resa bay vandèz la yon biyè ven dola pou peye pou zoranj yo montre nan dyagram anba la a. Pri zoranj yo se \$1,89 liv la.



Apreprè konbyen kòb Resa ap resevwa kòm monnen?

- A mwens ke 5 dola
- B ant 5 a 7 dola
- C ant 7 a 9 dola
- D plis pase 9 dola

- 16** Josh ale nan kèms la ak \$12,24. Li koute li \$5,00 pou antre ak \$0,75 pou chak vire sou manèj. Josh achte yon soda pou \$1,25 epi li monte sou tout manèj li te ka peye. Si Josh pat achte okenn lòt bagay, konbyen lajan li te genyen lè li kite kèms la?

- F \$0,01
- G \$0,24
- H \$0,49
- J \$0,74

17 Si $x = -24$ epi $y = 6$, ki valè ekspresyon $|x + y|$ la?

- A 18
- B 30
- C -18
- D -30

18 Magazen ki lwe videyo kasèt yo lwe fim yo pou \$3,50 pou premye jou a. Gen yon frè \$2,00 pou chak jou apre, d . Ki ekspresyon reprezante relasyon sa a?

- F $\$3,50 + \$2,00d$
- G $\$3,50d + \$2,00$
- H $\$3,50 - \$2,00d$
- J $\$3,50d - \$2,00$

19 Pwen John make nan premye match baskètbòl li yo reprezante nan lòd kwasan anba la a.

5, 7, 10, 14, 16, 16, 20, 20, 20, 21, 21, 22


John make 29 pwen nan pwochen match la. Ki sa ki kapab vre sou medyann pwen li pou 13 match yo konpare a medyann pwen li yo pou pwemye 12 match yo?

- A Medyann lan rete menm jan.
- B Medyann lan ogmante pa youn.
- C Medyann lan ogmante pa de.
- D Medyann lan ogmante pa kat.

Kontinye

20

Triyang ABC parè a triyang XYZ.



Ki mezi ang X la?

- F** 70°
- G** 85°
- H** 110°
- J** 140°

21

Sam tape 420 mo nan 10 minit. Si li kontinje tape kinsa, konbyen mo lap ka tape nan 3 èdtan?

- A** 756
- B** 1.260
- C** 2.520
- D** 7.560

22

Itilize règ ou pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Segman dwat la ki anba la a reprezante lajè yon rektang Mike ap trase. Li vle longè a pou li 3 fwa lajè a.



Ki longè rektang lan ap ye an santimèt?

- F** 4,5
- G** 7,5
- H** 9,0
- J** 13,5

23

Sandy touche \$8,00 pa è nan travay kòm siveyan plaj. Li itilize fòmil $E = 8h$ la pou kalkile salè li.


- E = salè
- h = è travay

Lè h double, kisa ki rive E ?


- A** E wit fwa plis.
- B** E de fwa plis.
- C** E divize an de.
- D** E rete menm jan.

Kontinye


Enrique pral nan yon vwayaj nan avyon. Avyon an ap dekolè epi monte pandan apeprè 20 minit, lap kenben yon altitud konstan pandan apeprè 50 minit, epi desann apre pou apeprè 20 minit anvan li ateri. Ki grafik ki montre vwayaj Enrique fè a?




F



H




G



J

25

Pat di ke montan lajan li gen nan pòch li plis oubyen egal a \$5,75 men pipiti pase \$13,00. Ki liy nimewo montre kantite lajan Pat ka geyen?



26


Silvia pakouri yon teren 30-mil nan 3 jou. Premye jou a, li pakouri 50% nan distans total la. Dezyèm jou a, li pakouri 25% nan distans ki *rete a*. Konbyen mil li pakouri twazyèm jou a?

- F $3\frac{3}{4}$
- G $7\frac{1}{2}$
- H $11\frac{1}{4}$
- J $22\frac{1}{2}$

Kontinye

27

Nan dyagram anba la a, $\overrightarrow{PF} \perp \overleftrightarrow{HD}$.



Ki ang ki konplèmantè?

- A $\angle GPH$ ak $\angle DPC$
- B $\angle GPF$ ak $\angle GPH$
- C $\angle GPD$ ak $\angle DPC$
- D $\angle GPF$ ak $\angle FPC$

KANPE



Liv 1
Matematik
Klas 8
10 e 11 me, 2005

The McGraw-Hill Companies